

**SESAMBUNGAN LEGENDHA BABAD KANDANGAN KARO TRADHISI MENDHEM
GOLEKAN ING DESA KANDANGAN KECAMATAN KANDANGAN KABUPATEN KEDIRI
(TINTINGAN FOLKLOR)**

Fadhila Inka Agustin
Pembimbing: Dra. Hj. Sri Wahyu Widayati, M.Si
S-1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)
Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Surabaya
fadhilaagustin@mhs.unesa.ac.id

Abstrak

Legendha Babad Kandangan kang sesambungan raket karo tradhisi mendhem golek, kepriye makna simbolik kang dikandhut sajroné LBKTMG, kepriye tatalaku tradhisi, kagunaan, sarta owah gingsire upacara tradhisi mendhem golek. Mula kadudut undherane panliten yaiku, (1) Kepriye mula buka LBKTMG? (2) Kepriye wujud lan makna ubarampe kang digunakake sajroné LBKTMG? (3) Kepriye tatalaku LBKTMG? (4) Kepriye fungsi sajroné LBKTMG? (5) Apa piguna kang kinandhut sajroné LBKTMG? (6) Kepriye wujud owah gingsire LBKTMG? Wondene ancas saka panliten iki yaiku, (1) Ngandharake legendha Babad Kandangan, (2) Ngandharake wujud lan makna ubarampe sajroné LBKTMG, (3) Ngandharake tatalaku LBKTMG, (4) Ngandharake fungsi sajroné LBKTMG, (5) Ngandharake paedah kang kinandhut sajroné LBKTMG, (6) Ngandharake wujud owah gingsire LBKTMG. Paedah ing panliten iki asipat praktis, kaperang dadi loro yaiku umum lan mligi. Paedah kang asipat umum saka panliten iki bisa ditujokake marang panliten, pamarentah, lan masyarakat.

LBKTMG iki raket banget sesambungane, anane tradhisi mendhem golek iku adhedhasar saka legendha babad Kandangan. Wujud tradhisi mendhem golek ana rong unsur yaiku unsur fisik lan unsur lesan. Unsur fisik dideleng saka tata lakune tradhisi mendhem golek, yaiku: slametan lan tradhisi mendhem golek. Slametan ing tradhisi mendhem golek iki nalika malem jemuwah wayah awan. Tradhisi mendhem golek wayah esuk ana adicara mendhem golek, sawur puspita, slametan hasil bumi. Ubarampe panjangkepe adicara kang digunakake sajroné tradhisi mendhem golek, yaiku: (1) tumpeng mujudake kekarepane supaya rejekine kaya gung, (2) jenang sengkala nduweni makna kanggo nolak sakabehe bebaya, (3) kembang setaman mujudake lambang nyucekne dhiri. Unsur lesan bisa dideleng saka legendha kang wujud babad Kandangan, saka donga-donga nalika ngujubake slametan.

Fungsi folklor sajroné LBKTMG: 1) minangka *sitem proyeksi*, yaiku kaca pangilone angen-angen saka kolektif. 2) minangka sarana pangesahe budaya, 3) minangka sarana pendhidhikan, 4) minangka piranti kanggo meksa lan ngawasi paugerane bebrayan, supaya tansah diugemi lan ditindakake dening bebrayan utawa *kolektif*, 5) minangka alat hiburan, lan 6) minangka fungsi ekonomi. Inovasi kang mlebu sajroné LBKTMG Sebab ana owah-owahan wiwit jaman semono nganti saiki, kaya ana tambahan ubarampe, ana tambahan tata laku ing kirab budaya. Piguna kang kinandhut sajroné LBKTMG maneka werna, saka piguna manifest yaiku hiburan, dakwah, silaturahmi, lan ekonomi masyarakat dadi mundhak. Dene ana piguna laten, yaiku sisa ubarampe slametan kang ora digunakake nggawe regede papan LBKTMG.

Tembung Wigati: Legendha lan Tradhisi.

PURWAKA

Landhesan Panliten

Suku bangsa Indonesia jumlahe akeh banget, saben suku bangsa nduweni ciri khas dhewe-dhewe antara siji lan sijine kang nuwuhake kabudayan kang maneka werna. Suku bangsa kang ana ing Indonesia cacahé kurang luwih ana 500

kelompok suku bangsa (Koentjaraningrat, 1990:15). Saka kelompok suku bangsa kasebut tuwuh kabudayan. Kabudayan minangka asil saka warisan leluhur kang patut disengkuyung amarga ngandhut norma lan nilai-nilai. Kabudayan kuwi tuwuh lan ngrembaka sajroné panguripane manungsa, uga karipta saka pamikiran manungsa. Manungsa ora bisa urip tanpa anane kabudayan, lan sawalike ora

ana kabudayan tanpa masyarakat panyengkuyunge. Andharan iki disengkuyung dening pamawas Koentjaraningrat (1987:15) kang ngandharake yen antarane budaya lan manungsa kuwi raket banget sesambungane saengga budaya ngemu teges yaiku minangka sakabehing pikiran lan asil saka cipta, rasa, lan karsaning manungsa kang becik kanthi sarana lan niat ngupaya pamikiran manungsa kanggo luwih pinter. Salah sawijine asile budaya kang nduweni panyengkuyung kang cacahé luwih akeh tinimbang liyane yaiku kabudayan Jawa.

Wujud kabudayan Jawa ora beda kaya kabudayan umume, kang dijlentrehake dening Koentjaraningrat (1983:5-6) wujud kabudayan Jawa diperang dadi telu, yaiku idheal, sistem sosial, lan fisik. Wujud kabudayan idheal yaiku salah sawijine *komplek* saka ide-ide, gagasan nilai-nilai, norma-norma, aturan-aturan lan liya-liyane kang asipat *abstrak*, ora bisa dicekel utawa diphoto, panggonane ana ing alam pikiran utawa kanthi pocapan liyan, sajrone alam pikiran saka masyarakat ing ngendi kabudayan kang nduweni sesambungan kasebut urip. Nomer loro wujud kabudayan sistem sosial yaiku salah sawijine *komplek aktivitas* prilaku kang nduweni pola saka manungsa sajrone masyarakat asipat *konkret* dumadi ing sakupenge masyarakat saben dinane, bisa katliti, bisa diphoto, lan *dokumentasi*. Wujud katelu kabudayan fisik yaiku wujud-wujud asil karya manungsa minangka sakabehe asil fisik saka *aktivitas*, tumindak, lan karya sakabehe manungsa sajrone masyarakat, mula sipate paling *konkret* lan awujud benda-benda utawa bab-bab kang bisa dicekel, dideleng, lan dipoto. Saka wujud kabudayan kang diandharake dening pamawas Koentjaraningrat (1983:5-6) yaiku minangka kabudayan Jawa kudu bisa nguri-nguri kabudayane masiwa kabudayane kuwi akeh banget corake utawa kabudayan kang asipat heterogen.

Kabudayan Jawa kuwi minangka maneka wernaning kabudayan kang manggone ana ing tlatah Jawa lan isih kalebu wewengkon kabudayan Jawa. Miturut Koentjaraningrat (1994:25) kabudayan Jawa kuwi asipat heterogen, ateges kabudayan Jawa kuwi nduweni maneka werna karagaman kang sipate regional yaiku sadawane dhaerah Jawa Tengah lan Jawa Wetan. Kaanekaragaman regional kabudayan Jawa kasebut kayata anane panganan, basa, upacara-upacara, kesenian rakyat, lan seni swara.

Kabudayan bisa diperang-perang, miturut Sudikan (2001:5-6) ngandharake perangan kabudayan nuswantara yaiku kapisan kabudayan nasional, yaiku kabudayan kang wis disetujoni dadi duweke sakabehe bangsa Indonesia kanthi bebarengan saperangan wujud ana ing kantor pamrentah, sekolah, universitas, lan upacara-upacara kang asipat nasional kang sakabehe nduweni lelandhesan pranata sosial saka kabudayan nasional. Kapindho yaiku kabudayan dhaerah ateges kabudayan kang diduweni, ngrembaka, lan diakoni dening suku bangsa kang onjo ing sawijine dhaerah sarta nduweni lelandhesan pranata sosial saka kabudayan suku bangsa. Perangan kang pungkasan yaiku kabudayan lokal kang ateges kabudayan kang diduweni, ngrembaka, lan diakoni dening saperangan kumpulane masyarakat tartamtu ing sawijine dhaerah sarta nduweni lelandhesan pranata sosial saka kabudayan suku dhaerah sarta nduweni lelandhesan pranata saka kabudayan suku dhaerah kang ana ing dhaerah kuwi. Katelune sanajan beda-beda nanging nduweni sesambungan kang raket.

Legendha babad Kandangan karo tradhisi mendhem golek iki kagolong sawijine kabudayan lokal amarga nduweni corak lan werna dhewe kang beda saka panggonan liya lan nganti saiki isih diuri-uri. Senajan ana owahe amarga pangribawa globalisasi lan jaman kang saya maju, ning tradhisi iki isih ana lan ora ngilangi makna sarta fungsi tumrap masyarakat mlgine ing Kabupaten Kediri. Sesambungan legendha babad Kandangan karo tradhisi mendhem golek iki kalebu folklore saperangan lesan. Miturut Bruvand sing dikutip dening Danandjaya (2007:21-22) folklor saperangan lesan yaiku folklor kang wujudé minangka campuran unsur lesan lan ora lesan.

Legendha babad Kandangan karo tradhisi mendhem golek kalebu folklor saperangan lesan. Babad wujud saka folklor lesan kang arupa legendha, yaiku dianggep bener kadadeyan, nanging ora dianggep suci, ora dianggep suci amarga babad dudu arupa hal kang kudu disembah dening masyarakat. Miturut Poerwadarminta sajrone Bausasta Jawa (1939:23) babad yaiku crita bab lelakon kang wis kelakon. Saliyane iku miturut Darusuprta (1985:77) babad yaiku salah sawijine kabudayaan Jawa. Karsono H Saputra (2001) babad yaiku teks sastra kang ngandhut sejarah utawa

“sastra sejarah”. Diandharake uga, babad arupa wujud jati dhirine dhaerah, kang terus dirembakake supaya dhaerah kasebut ora kelangan jati dhirine. Adhedhasar pusat panyebarane babad kabage loro yaiku babad *pedalaman* lan babad pesisiran. Darusuptapta (1985) babad pesisiran yaiku kadipaten lan tanah *perdikan* ing wilayah mancanegara, dhaerah sajabané pusat kerajaan uga ing dhaerah pesisiran utawa segara. Babad Kandangan kamangka kalebu sajroné babad pesisiran, amarga nyritakake ngenani dhaerah kadipaten lan ora arupa wilayah keraton.

Ing bab iki bakal kajlentrehake babagan tradhisi mligine *Sesambungan Legendha Babad Kandangan karo Tradhisi Mendhem Golekan ing Desa Kandangan, Kecamatan Kandangan, Kabupaten Kediri* sabanjure panliten iki bakal dicekak dadi LBKTMG, uga ndeleng kepriye kahanane lan apa wae kang dilakoni sajroning adicara Mendhem Golekan.

Tradhisi minangka salah sawijine tetinggalan para leluhur utawa para sesepuh kang wis luwih dhisik ana ing dhaerah kang uga dadi papan dunung manungsa ing saben dinane. Akeh tradhisi-tradhisi kang tansah lestari nanging uga ana kang lestari mung saperangan wae. Pangrembakane saya suwe ana kang saya apik nanging uga ana kang saya cures. Kabeh mau akeh kang njalari cures tradhisi kasebut, ing antarane yaiku majune ngelmu lan barang-barang elektronik kang njalari tradhisi ana kang owah malih dadi cures.

Tradhisi kasebut uga mujudake donga lan pangarep-arep arupa kemakmuran lan kaslametan marang pawongan utawa masyarakat kang nglesanakake sarta pangarep-arep yaiku ora ana pepalang anggone ngrampungake penggaweyane awit-wiwit purwakane wis dinyati kaya mangkono. Sakabehane mau mujudake tolak balak lan supaya diparingi gampang sandhang pangane dening Gusti kang Maha Kuwasa.

Tradhisi-tradhisi kasebut kudu tansah dilestarekake awit bisa menèhi akibat kang apik tur manèh kanggo nguri-uri kabudayan Jawa. Upaya nglestarekake kasebut uga bisa ditegesi minangka upaya saka masyarakat kanggo ngucapake rasa syukur lan matur nuwun tumrap Gusti kang Maha Kuwasa lan mujudake rasa matur nuwun marang sesepuh sadurunge kang tansah nguri-uri kabudayan kasebut nganti tekan tembe.

Panliten ngenani LBKTMG iki sangertine panliti durung tau ditindakake kanthi tintingan folklor. Mula ana kalodhangan iki LBKTMG ditintingi saka wujud LBKTMG, wujud lan makna ubarampe tradhisi, piguna tradhisi lan owah gingsir kang ana ing LBKTMG. Adhedhasar sakabehe bab kasebut, mula panliti menèhi irah-irahan *“Sesambungan Legendha Babad Kandangan karo Tradhisi Mendhem Golekan ing Desa Kandangan Kecamatan Kandangan Kabupaten Kediri”*. Panliten iki kalebu panliten *kualitatif* dheskriptif ngenani sawijine kabudayan kang ditujokake marang wujud, makna, piguna, sarta owah gingsir kabudayan kasebut.

Underane Panliten

Adhedhasar lelandhesan panliten kang wis diandharake, mula bisa dirumusake underane panliten yaiku:

- 1) Kepriye mula bukane LBKTMG ing Desa Kandangan Kecamatan Kandangan Kabupaten Kediri?
- 2) Kepriye wujud, makna tata laku, lan ubarampe LBKTMG?
- 3) Kepriye fungsi, piguna, lan owah gingsire LBKTMG ?

Ancase Panliten

Adhedhasar underane panliten ing ndhuwur mula bisa dimangerteni ancasa panliten yaiku:

- 1) Ngandharake mula bukane LBKTMG ing desa Kandangan
- 2) Ngandharake wujud, makna tata laku, lan ubarampe LBKTMG.
- 3) Ngandharake fungsi, piguna, lan owah gingsire LBKTMG.

Paedahe Panliten

Paedahe ing kene asipat praktis, kaperang dadi loro yaiku kanthi paedah kang asipat umum lan paedah kang asipat khusus. Paedah kang asipat umum saka panliten iki bisa ditujukake kanggo panliti, pamrentah, lan masyarakat

- 1) Menèhi kawruh ngenani LBKTMG, kena apa masyarakat nindakake LBKTMG, ubarampe kang digunakake sarta maknane, lan paedah LBKTMG.
- 2) Sarana kanggo ngeluri lan nglestarekake kabudayan Jawa mligine LBKTMG ing Desa

Kandangan Kecamatan Kandangan kabupaten Kediri.

- 3) Sumbangan *referensi* kabudayan Jawa tumrap piwulangan basa Jawa ing sekolah-sekolah.
- 4) Minangka *dokumentasi* Dinas Kabudayan lan Pariwisata Kabupaten Kediri.

METODHE PANLITEN

Rancangan Panliten

Panliten LBKTMG iki nggunakake ancangan panliten dheskriptif kualitatif. Bogdan lan Taylor sing dikutip dening Moleong (2012:4) ngandharake yen ancangan kualitatif minangka sawijine paugeran panliten kang ngasilake dhata dheskriptif. Panliten kualitatif yaiku panliten kang nggunakake latar ilmiah, kanthi teges kanggo njlentrehake prastawa kan dumadi lan dilakoni kanthi cara nggunakake metodhe kang ana Denzin lan Lincoln sing dikutip dening Moleong (2012:5)

Sudikan (2001:85) ngandharake metodhe deskriptif kualitatif yaiku metodhe kang nggunakake cara nyathet kanthi njlimet lan tliti sakabehane kahanan kang dideleng, dirungu, lan diwaca saka asil wawancara, video, rekaman, dhokumen, lan sapanunggale. Metodhe deskriptif nduweni sipat-sipat tartamtu, yaiku: (1) Mecahake prakara sing ana ing jaman saiki, yaiku prakara kang asipat aktual, (2) Dhata kang diklumpukake kanthi cara disusun, dijlentrehake, banjur dianalisis, (Winarno, 1989:740). Kanthi metodhe iki panliti bisa njlentrehake sakabehane prakara-prakara kang ana sesambungane karo LBKTMG tumrap masyarakat panyengkuyunge.

Sumber Dhata

Instrumen panliten yaiku panliti kuwi dhewe, amarga panliti uga melu langsung sajroning LBKTMG. Sumber dhata yaiku sumber kang bisa menehi *informasi* marang panliti. Sumber dhata bisa kaperang dadi loro, yaiku sumber dhata utama lan sumber dhata tambahan. Endraswara (2006:119) ngandharake sumber dhata ing panliten *kualitatif* arupa tetembungan lan tumindak, dene dhokumen lan liya-liyane minangka sumber dhata tambahan. Kalorone padha-padha nyengkuyung supaya dhata bisa *valid*. Panliti minangka pihak sing ngrencanakake, paraga kang nglasanakake, ngumpulake dhata, nganalisis, pawongan kang bisa nafsirake upacara kasebut lan nglapurake asiling

panliten. Informan uga diperang dadi loro yaiku informan utama lan informan tambahan. Tetenger kanggo nemtokake informan utama utawa kunci yaiku: 1) pawongan kang nduweni pengalaman pribadi kang cundhuk karo masalah kang ditliti, 2) umure pawongan kasebut wis diwasa, 3) pawongan kang sehat jasmani lan rohani, 4) pawongan kang asipat netral, ateges ora nduwe niat kanggo ngelek-elek liyan, 5) pawongan kasebut klebu tokoh masyarakat, 6) pawongan kasebut nduweni kawruh kang amba ngenani masalah kang ditliti (Sudikan, 2001:91). Anane informan tambahan ing panliten iki kanggo nyengkuyung katrangan saka informan utama.

Sajrone panliten LBKTMG wis katamtokake sumber dhatane yaiku sakabehe perangan kang ginayut karo LBKTMG. Informan utama utawa kunci yaiku Pak Modin, Pak Bayan, para mudha karang taruna, lan masyarakat sakiwa tengene. LBKTMG salah sijine tradhisi kang ditindakake dening leluhur kang nganti saiki isih ditindakake dening masyarakat. Katrangan kang cetha diperlokake kanggo ngonceki tradhisi iki. Katrangan kang diperlokake yaiku sejarane, ubarampe, tatalaku, lan owah gingsir LBKTMG.

Dhata Panliten

Panliti minangka *human instrument* mula sajroning panliten iki nggunakake alat kanggo mbantu panliti ngumpulake dhata. Kamera digunakake kanggo njupuk gambar saka sakabehing rantaman adicara LBKTMG dene alat kanggo ngrekam digunakake kanggo ngrekam cecaturan sajroning LBKTMG kang sabanjure diowahi dadi dhata arupa tulisan. Dhata yaiku informasi kang diasilake saka sumber dhata (Sunarto, 2001:130). Wujude kaperang dadi loro yaiku dhata lisan lan dhata barang. Dhata lisan sumbere saka wawancara. Dhata barang sumbere saka poto utawa gambar nalika adicara utawa arsip kang isih gegayutan karo tradhisi kasebut. Anane dhata bisa dadi bahan kang luwih ditengenake nalika nindakake panliten.

Dhata ngenani crita legendha babad Kandangan lan tradhisi mendhem golek, pawongan kang nyengkuyung, ubarampe lan tatarakite upacara iku asil observasi langsung ing papan panggonane. Ing perangan liyane, dhata ngenani tujuwan, fungsi lan makna tradhisi, piguna

lan owah-owahane tradhisi kang diasilake saka wawancara karo masyarakat.

Instrumen Panliten

Ing panliten kualitatif iki, panliten kang dadi intrumen utawa minangka pelaku panliten saka wiwitan nganti pungkasan panliten, banjur diwujudake ing laporan panliten. Instrumen panliten iki awujud dhaptar wawancara marang informan. Panliten LBKTMG iki kalebu panliten lapangan kang mbutuhake piranti panliten kanggo nyengkuyung dhata asile panliten supaya bisa apik lan tumata (Endraswara, 2009:135).

Teknik Nglumpukake Dhata

Ing kene bakal diandharake ngenani metodhe lan teknik kang digunakake ing panliten iki, yaiku: 1) teknik *observasi*, 2) teknik *wawancara*, lan 3) teknik *dokumentasi*. Teknik nglumpukake dhata yaiku ngandharake cara apa kang digunakake ing sajrone panliten. Miturut pamawase (Endraswara, 2009:101) ngandharake strategi nglumpukake dhata ana telu, yaiku kapisan kudu bisa mahami latar belakang *pemilik* folklor. Latar belakang sosial budaya uga religi bisa nemtokake tumindak panliten. Kapindho panliten kudu nyusun hipotesis kerja lan kaping pungkasan yaiku penyesuaian fisik uga mental ing lapangan. *Penyesuaian* fisik lan mental minangka daya adaptasi panliten.

Tata Cara Ngalalisis Dhata

Teknik analisis dhata kang wis diklumpukake nggunakake analisis dheskriptif kualitatif. Teknik dheskriptif kualitatif yaiku teknik ngonceki dhata kanthi nggunakake tetembungan dudu angka, bisa menehi katrangan utawa andharan panliten adhedhasar asile panliten saka subjek kang diteliti (Sudikan, 2001:85) Panliten kualitatif mujudake panliten lapangan utawa langsung kang dilakoni wiwit golek dhata nganti pungkasane panliti kasebut. Sajrone panliten iki nganalisis dhata nggunakake telung tahapan, yaiku: (1) *open coding*, ateges panliti golek dhata jangkep ngenani LBKTMG, (2) *acial coding*, ing tahap iki panliti ngurutake adhedhasar kategori, (3) *selective coding*, panliti nggunakake *klasifikasi* (Sudikan, 2001:80). Analisis dhata ing tata lakune LBKTMG, nggunakake tata cara kaya ing ngisor iki:

- (1) Panliti nyathet lan nglumpukake sakabehe dhata asile ngamati adicara LBKTMG.
- (2) Transliterasi dhata wawancara dadi wujud tulisan.
- (3) Verifikasi dhata utawa milah lan milih dhata adhedhasar kepentingane.
- (4) Klasifikasi lan kodifikasi, nglompokake dhata, banjur menehi kodhe dhata miturut perangane.
- (5) Napsirake dhata, dhata kang wis kaklumpukake dianalisis kanggo nggoleki isi lan makna kang kinandhut ing LBKTMG.
- (6) Proses kang pungkasan yaiku dhata kang awujud dheskripsi ngenani kahanan Desa Kandangan Kecamatan Kandangan Kabupaten Kediri, legenda Babad Kandangan, ubarampe lan makna kang kinandhut, tatalaku, lan owah gingsir kang dumadi.

Saka katrangan ing dhuwur, anggone ngolah data saka kawitan nganti pungkasan nggunakake urutan kaya dene: (1) *transkrip* data, yaiku ngolah data lesan menyang data tulis. (2) *Verifikasi* data, yaiku data kang ana sajrone panliten sawise *ditranskrip* banjur dipilih lan dipilah kanthi tliti lan dicocogake karo jenis-jenis kang dadi sasaran. (3) *identifikasi* lan *kodifikasi* data, yaiku penggolongan data adhedhasar kategori perkara kang ana ing panliten. (4) *Penafsiran* utawa nerka data. *Penafsiran* ngenani data bisa ditegesi asil kang pungkasan saka proses panliten.

ANDHARAN ASILE PANLITEN Kahanan Desa Kandangan

Desa Kandangan manggon ana ing Kecamatan Kandangan Kabupaten Kediri, Desa Kandangan wewatesan karo Desa Banaran ing sisih lor Kecamatan Kandangan, dene ing sisih kidul wewatesan karo Desa Jeruk Wangi Kecamatan Kandangan, sisih kulon wewatesan karo Desa Kasreman Kecamatan Kandangan, sisih wetan Desa Klampis Kecamatan Kandangan. Dadi, Desa Kandangan kalebu Desa kang manggon satengahing Kecamatan. Desa Kandangan manggon udakara 30 km sisih wetan Kutha Kediri, lan bisa ditempuh kanthi wektu tempuh udakara 60 menit. Tlatah Desa Kandangan diperang dadi 6 dhusun yaiku Dusun Kandangan, Dusun Krajan, Dusun Kacangan, Dusun Kebondalem, Dusun Biyoro, Dusun Pandean. Papan dedunung awujud dalan kang wis

diaspal. Transportasi apa wae kayadene bis, truk, mikrolet lan sapiturute kanggo sesambungan antarane Desa Kandangan lan panggonan ngendi wae wis bisa liwat. Amarga Desa Kandangan iki wewatesan karo dhaerah Malang, Kediri, lan Jombang.

Rata-rata wilayah Kandangan arupa lemah padunungan kanthi suhu 24 derajat (wayah wengi) lan suhu 32 derajat nalika wayah awan. Pendhudhuk Kandangan rata-rata bakulan lan tani kanggo nyambung urip sabendinane. Dene tegalan biyasane ditanduri pari lan jagung. Nalika awal taun 2012 nganti saiki pendhudhuk kang ana ing padunungan wiwit ngrembakaake winih cengkeh, pekarangan pendhudhuk rata-rata dikebaki winih cengkeh. Kanthi ngrembakane jaman kang saya maju, panguripan lan pakaryan wiwit saya ngrembaka wiwit saiki. Saliyane iku uga ana sarana masyarakat kang manggon ing Desa Kandangan, kaya dene posyandu kang ana 4 unit, puskesmas kang cacahé ana 2 unit, sekolah PAUD kang ana 2 unit, sekolah SD kang ana 5 unit. Desa Kandangan kalebu Desa kang aman amarga saben dhusun uga ana pos kampling kang dijaga para warga Kandangan, ana 7 pos kampling.

Legendha Babad Kandangan

Dicritakake nalika jaman semono ana wadyabala saka Majapahit kang dipimpin dening Ki Demang Sengkapura (nalika babad alas Kandangan) kang ora sithik nuwuhake korban (lara lan pati). Nganti alas kasebut kabuka, nanging durung wujud padasan mung wujud gubug kanggo urip, urip kaya mangkono dilakoni kanthi sateruse, nganti dadi wujud padasan, masiya durung amba. Nalika babad alas ana kang baureksa alas kasebut, dheweke ngamuk amarga alase dibabad. Akeh banget gangguan saengga tuwuh korban saka wadyabala Sengkapura.

Dicritakake uga desa Kandangan biyen alase wingit banget, lan nduweni nilai magis kang dhuwur. Kapercayan masyarakat desa Kandangan kanthi cara turun-temurun saka generasi menyang generasi nglestarekake TMG kang wis ditindakake atusan taun. Adicara mendhem golek iki dilakoni karo masyarakat Kandangan umume saben wulan Sura.

Tradhisi Mendhem Golekan

Tradhisi mendhem golek raket banget sesambungane karo anane legendha babad Kandangan. mendhem golek asalé saka sesepuh lan leluhur, ananging sejatine kang paling dhisik yaiku asalé saka jaman Kerajaan Majapahit. Bisa didudut yen tradhisi iki wis suwe anane, lan tradhisi iki tuwuh nalika agama Islam wis nyebar nganti saindenging tlatah Jawa. Katrangan iki sarujuk karo silsilahé Mbah Imam Faqih utawa dikenal Mbah Pekik yaiku pawongan kang wis kasil ngrembakaake ajaran Islam mligine ana ing Desa Kandangan, Kecamatan Kandangan, Kabupaten Kediri.

“Kabudayan iki saya suwe ing jaman saiki saya cures disebabake para generasi mudha kang ora pati seneng lan gelem nguri-uri kabudayan iki, ora anane kawruh ngenani basa Jawa ing kawula mudha, sarta kurange kawruh babagan agama saengga angel dijak marang dalan becik sarta nguri-uri kabudayan iki. Tradhisi mendhem golek iki nduweni isi ngenani crita utawa kisahe desa Kandangan Mbak, akeh patuladhan kang dijupuk saka crita mendhem golek, lan ngenani aturan kang becik kanggo sangu bebrayan. Nanging isih akeh kawula mudha ora ngerti ngenani sejatine tradhisi mendhem golek, muga-muga lewat upacara mendhem golek kang dianakake setaun pisan yaiku nalika sasi Sura ndadekake kawula mudha lan warga Kandangan mligine tansah dadi pengeling-eling.” (Pak Iksan, 14 Mei 2018)

Miturut dhawuhe Pak Iksan minangka modin lan pimpinan sajrone LBKTM ing desa Kandangan, LBKTMG saya suwe ing jaman saiki saya cures disebabake para generasi mudha kang ora pati seneng lan gelem nguri-uri kabudayan mendhem golek. Saperangan sebab, ora anane kawruh ngenani basa Jawa ing kawula mudha, sarta kurange kawruh babagan agama saengga angel dijak marang dalan kang becik sarta nguri-uri kabudayan mendhem golek. Diandharake uga karo Pak Modin yen LBKTMG iki wiwitane saka Mbah Imam Faqih.

"Lumakune pangrembakane jaman, ana ulama' kang nduweni maksud ngrembakaake ajaran islam ing desa Kandangan yaiku Ki Ageng Faqih, lan kasil ngrembakake ajaran islam ing desa Kandangan, nanging piweling Ki Ageng Faqih ngenani adicara mendhem tumbal kasebut tetep ditindakake amarga kuwi kabeh mung budaya. Ki Ageng Faqih menehi kawruh marang masyarakat ngenani pambada antarane agama lan budaya, saengga kalore bisa lumaku bebarengan. Pungkasane Ki Ageng Faqih gerah lan wafat, banjur dimakamake ana ing desa Banaran. Dadi nganti saiki sebagian wilayah desa Banaran kalebu wilayah desa Kandangan lan nganti saiki makam Ki Ageng Faqih kang dikenal masyarakat kanthi Mbah Faqih akeh dikunjungi dening para peziarah mligine nalika wayah jemuwah legi lan jemuwah pahing."

(Pak Modin Iksan, 11 Mei 2018)

Saka andharan ing dhuwur yen Ki Ageng Faqih wis kasil ngrembakaake ajaran Islam ing desa Kandangan lan dikenal masyarakat Kandangan kanthi Mbah Pekik. Mbah Pekik menehi kawruh yen LBKTMG tetep dianakake, Mbah Pekik menehi kawruh antarane agama lan budaya, kalore nduweni pambada. Saengga antarane agama lan budaya tetep bisa lumaku bebarengan. Sawise iku Mbah Pekik wafat lan dimakamake ana ing Dukuh Banaran Desa Kandangan. Nganti saiki makam Mbah Pekik isih rame dikunjungi dening peziarah nalika dina Jemuwah legi lan Jemuwah pahing. Andharan ing dhuwur bisa ndadekake bukti ngenani LBKTMG yen kalore iku sesambungan.

Adicara LBKTMG iki among digelar ing wayah sasi Sura mengeti Sura. Pagelaran LBKTMG iki ora ana ing njabane kutha Kediri, mligine mung ana ing desa Kandangan. Andharan mau bisa kajupuk dudutan menawa mula bukannya legendha babad Kandangan sesambungan karo adicara mendhem golek. Digawa dening para ulama jaman semana kanggo nyebarake agama Islam ing desa Kandangan, lan objek kang digunakake yaiku wujud golek amarga wis kaandharake ing dhuwur yen golek kasebut kanggo ganti wujud

bayi sakembaran wadon lan lanang kang mijil ana ing dina Jemuwah pahing. Golek kasebut diarupakake wujud bayi kang dumadi saka pati ketan, gula abang, lan dele ireng.

Wujud lan Makna Ubarampe sajrone LBKTMG

Ubarampe sawijine piranti wigati sajrone LBKTMG, amarga anane ubarampe kasebut nduweni nilai tumrap sawijine adicara adat. Adhedhasar iku, kabeh kapercayan masyarakat rumangsa wedi yen saupama ora nyepaki bab-bab kang kaya mangkono. Mulane, anane ubarampe ing upacara iki satemene pancen kudu digatekake dening para masyarakat.

Ubarampe minangka perantara manungsa kanggo sesambungan donya saliyane donyane manungsa, minangka bebana manungsa kanggo sesambungan dening roh leluhur utawa tokoh-tokoh mitologi, kamangka manungsa kudu menehi kekeparehan roh leluhur kanggo kapercayane manungsa tumrap anane kekuatan-kekuatan makhluk ghaib, kayata jin, lelembut, kang mbaureksa, supaya ora ganggu katentraman pawongan kang nganakake upacara lan kanggo nggolek berkah sing mbaurekso desa Kandangan.

Sawijine kapercayan ngandharake anane ubarampe minangka wujud pakurmatan marang Gusti. Kabeh wis mujudake aturan kapercayan masyarakat marang bab-bab kang sipate ghoib. Masyarakat wedi yen kekeparepane ora kasembadan amarga ana sawijine ubarampe kang ora dicepakake. Mulane, rasa pangrasane kudu tansah njangkepi apa kang dadi panjangkepe adicara kasebut supaya kekeparepane ing adicara adat bisa kasembadan.

Adhedhasar andharan sabanjure, bakal diandharake saperangan makna kinandhut saka pamikire para leluhur. Saben upacara adat siji lan sijine mesthi nduweni ubarampe kang beda-beda uga nduweni tujuwan sarta pathokan-pathokan tartamtu. Tradhisi mendhem golek iki uga nggunakake ubarampe khusus kang kudu dijangkepi.

Pati Ketan

Pati kang asale saka *umbi akar*. Pati ketan nduweni sipat kang arupa sagu, saengga pati ketan sering digawe bahan panganan, bahan perekat, lan isih akeh bahan-bahan tradhisional saka pati ketan.

Makna pati ketan kang dienggo bahan dhasar golek kasebut supaya tansah guyub rukun anggone paseduluran, lan tansah diwenahi kemakmuran. Bahan dhasar kasebut dadi intine bahan golek, pancen wis dadi kesepakatan antarane pamong desa Kandangan uga kanggo ngarupakake anggone gawe tumbal bayi sakembaran. Dadi ubarampe kasebut dadi punjere anggone gawe golek. Pati ketan uga nduweni wujud kang jemek lan kelet tegese ing kene yaiku gampang anggone ngolah lan gampang kelet yen dadi wujud kayata golek, kayata wujud sirahe, awake, tangan, lan sikile. Proses ngolah pati ketan dadi golek kanthi cara pati ketan dicampur dening banyu banjur diuleni kanthi kenthel, sarampunge pati ketan kang wis diuleni diolah dadi wujud golek banjur digaringake lan diangine. Wujud golek saka pati ketan kasebut dadi simbol utawa ciri khas saka tradhisi mendhem golek.

Dele Ireng

Makna dele ireng kasebut yaiku simbol saka warna ireng kang nduweni teges kang kuwat, sejatine yen dadi manungsa ora nduweni sipat kuwat jati dhirine utawa pendhiriane ndadekake molah-malih. Banjur dele ireng kasebut ditata lan kanggo jangkepi wujud golek kayata mripate, irunge, lan pusere. Dele ireng umume digawe bahan dhasar kecap, nanging ing kene dele ireng mung dibutuhake ora akeh, kira-kira mung enem wiji, kayata mripate rong wiji, irunge sawiji, putinge rong wiji, lan pusere sawiji. Simbol dele ireng ing kene wis ana nalika wiwitan dianakake tradhisi mendhem golek.

Dele ireng ing kene uga didadekake alasan amarga gampang anggone golek, kayata ing pasar-pasar tradhisional uga wis akeh sing bakulan. Ing wayah tradhisi mendhem golek iki akeh bakul-bakul kang kelarisen lan kewalahen, amarga kabeh ubarampe disiyapake seminggu sadurunge adicara. Dele ireng ing kene uga nduweni manfaat akeh, dadi isa digolek sawayah-wayah, ora mungkin bakal angel digolek utawa langka.

Gula Abang

Gula abang ndadekake simbol utawa tandha kang wujud kayata getih seger. Gula abang utawa gula jawa kang sejatine saka tlutuh wit klapa bisa kanggo ngarupakake getih ing tradhisi

mendhem golek. Golek ing kene kudu sakembaran yaiku wujud lanang lan wadon. Wujud saka golek wadon uga diwenahi abang-abang ing lambene, kanggo menehi titikan saka wujud yen tegese golek kuwi wadon.

Proses nggawe ubarampe gula abang uga gampang banget, nanging ora angger pawongan sing nggawe ubarampe iki. Gula abang diwenahi banyu sithik dadi ora encer uga ora kenthel. Gula abang iki gawe tetengere getih kang ngalir ana ing awake manungsa. Sawise gula abang wis dadi adonan, gula kasebut dicampur ana ing bageyan awake golek yaiku ana ing sanjerone wetenge golek. Gula abang uga diwenehake ana ing bageyan lambene golek, mligine golek kang wujud wadon.

Sapi

sapi dibeleh nalika slametan dina Kamis malem Jumuwah Pahing. Persiapan-persiapan wis ana wiwit dina sadurunge. Kayata tuku sapi, banjur nyiapake ubarampe liyane kanggo slametan kaya sega tumpeng lan lawuhe, kembang setaman, lan jenang sengkala. Dinas Kebudayaan lan Pariwisata gotong royong karo juru kunci lan pamong desa uga dibantu tokoh masyarakat nyiapake ubarampe kasebut.

Mbeleh sapi ing kene uga ora dadi ubarampe kang kudu ana tegese oleh diwenahi uga oleh ora diwenahi, nanging yen ora diwenahi mbeleh sapi iki diganti kanthi mbeleh pithik. Tatalakune uga padha kayata mbeleh sapi kang dipimpin dening Pak Modin desa Kandangan. Mbeleh sapi dianakake sadurunge adicara mendhem golek lan ditekani dening sesepuh desa, pamong desa, lan pawongan gedhe liyane. Slametan ing kene uga ora serame slametan sarampunge adicara mendhem golek, slametan ing kene sipate luwih sakral.

Kain Mori

Kain mori uga wis dadi ubarampe kang kudu cumepek, amarga kain mori bakale kanggo mbungkus golek. Adate mbungkus golek uga kayata ngramut jasade manungsa. Uga kang ngramut nganti mendhem golek kasebut yaiku Pak modin. Ukurane kain mori uga kayata wujud bayi kang isih wiwit lair, dadi isih wujud cilik. Banjur tatacara mendhem golek uga akayata adat

manungsa yen tilar donya, kain mori sadurunge diurug lemah taline diudari.

Kain mori ing kene uga ubarampe kang wajib ana, amarga sarampunge golek wis jangkep ubarampene. Golekan kasebut dibungkus dening kain mori wujud kayata mbungkus jenazah. Golekan ing kene ana loro, dadi mbutuhake rong kain mori. Sarampunge dibungkus kain mori, golek kasebut dideleh ana ing pethi kang wujud kotak. Pethi kasebut kanggo mendhem golek amarga ora kena reget, banjur bisa digawe maneh anggone ana tradhisi mendhem golek

Pethi

Pethi kang digunakake wujud saka triplek kang digawe kotak kanthi ukuran kang wis disepakati dening para pamong desa. Pethi digawe dening bocah Karang Taruna uga didampingi dening para sesepuh desa, dadi yen ana salahe anggone gawe bisa dibenerake langsung dening sesepuh desa Kandangan, nanging tatalaku nalik mendhem golek kasebut uga dilakoni dening Pak Modin desa Kandangan.

Pethi mendhem golek iki wis ana wiwit jaman biyen yaiku nalika isih wiwitan tradhisi mendhem golek dianakake. Tujuwan saka diwenahi pethi yaiku supaya golek ora kena regetan. Jaman biyen masyarakat desa Kandangan isih nggawe pethi kanthi cara tradhisional, nanging saya majune jaman tatacara nggawe pethi mendhem golek digawe gampang. Tatacara nggawe pethi ing kene wis saka triplek, amarga luwih gampang anggone nggolek triplek. Jaman biyen tatacara nggawe pethi uga isih nggawe saka kayu, amarga kayu jaman biyen golek gampang lan isih akeh desa-desa kang isih nduweni alas kang amba. Sakabehane iki masyarakat bisa golek gampang lan nyesuaiake karo jamane.

Tumpeng Asil Bumi

Tumpeng asil bumi iki beda karo tumpeng-tumpeng biyasa kang digawe ing slametan. Tumpeng hasil bumi iki tegese tumpeng kang wujud saka asil panen warga desa Kandangan kayata sayur-sayuran, buah-buahan, nanging uga wis katambahan saka sajabane asil panen. Tegese wis ketambahan ubarampe kang wis cumepak, kayata tuku ning pasar-pasar tradhisional.

Tumpeng asil bumi dianakake nalika kirab mendhem golek yaiku dina Jemuwah pahing. Tumpeng asil bumi ing kene digawe simbol yen masyarakat desa Kandangan nduweni asil panane masyarakat desa Kandangan. Masyarakat uga antusias nyepakake lan nata ubarampe apa wae kang dibutuhake dening tumpeng asil bumi. Tumpeng diarak ana ngarepe pawongan kang ngarak golek, mlaku alon-alon ngubengi desa Kandangan, banjur sarampunge golek wis teka ing panggonan kang gawe makamake, tumpeng asil bumi iki mandeg ana ing ngarepe bale desa. Sarampunge adicara mendhem golek warga desa Kandangan nganakake slametan lan murak tumpeng asil bumi. Masyarakat desa Kandangan padha rebutan anggone murak tumpeng asil bumi. Sakabehe iku wis dadi tradhisi taunan ana ing desa Kandangan.

Pitik Ingkung

Ingkung kang digawe yaiku jinis pitik jago kang dipanggang yaiku pawongan kudu bisa kuwat nalikane golek sandhang pangan, ora kena ngrepotna liyan. Jago kang dimaksud yaiku cundhuk kaya jenenge pitik kang kuwat. Panggang dhewe cekakan saka pawongan golek sandhang pangan. Intine nalika golek sandhang pangan kudu rekasa amarga kang jenenge jago kuwi kuwat.

Panggang uga nduweni makna yaiku panggulawenthah samubarang. Samubarang kang dimaksud yaiku manungsa. Panggulawenthah dhewe nduweni makna cara ndhidhik, dadi carane ndhidhik manungsa kuwi kaya kepriye supaya bisa dadi manungsa kang becik tumindake. Pitik jago pitik kang kuwat uga pitik apik dadi ibarate bisa menehi tuladha kang becik uga.

Gedhang

Gedhang kang nduweni makna saka etika panguripan, dikarepake manungsa kang nduweni hajat bisa nuladhani watake gedhang kang bisa urip ning ngendi wae (ajur ajer), bisa karo lingkungane. Kamangka ing bageyan wit gedhang uga akeh banget khasiate, wiwit teka godhonge, deboge gedhang, buahe, lan isih akeh khasiate. Saliyane iku wit gedhang asring dimaknai minangka “*gumreget nyuwun pepadang*” tegese manungsa sajrone nglakoni lampah panguripan,

dikarepake awèh pituduh mung marang Gusti Kang Maha Kuwasa.

Kulupan utawa Urap-Urap

Kulupan utawa urap-urap iki umume saka janganan kaya kangkung, bayem, kluwih, capar, kacang lanjaran, lan bumbu urap. Saben-saben kulupan nduweni teges dhewe-dhewe kang wis diandharake dening Pak Zaini minangka Bayan ing Desa Kandangan, bakal kajlentrehake ing ngisor iki.

- 1) Kangkung kang makna wujud saka pangarep-arepe manungsa yen kudu bisa urip ing ngendi wae lan ana kondisi apa wae, uga nduweni teges "jinangkung" kang tegese nglindungi.
- 2) Bayem kang nduweni warna ijo enom kang menehi hawa adhem lan wujud godhong ora akeh lekukan kang tegese dadi simbol panguripan kang ayem tentrem, ora akeh konflik kayata wujud godhonge kang warna ijo.
- 3) Kluwih tegese supaya rejekine tansah linuwih.
- 4) Capar kang tegese nduweni idhe-idhe anyar kang tuwuh kayata prosese ngrembakane isi kacang ijo lan pungkasan dadi capar, nduweni pangarep-arep yen minangka manungsa bisa ngrembaka lan nduweni anak putu.
- 5) Kacang lanjaran nduweni teges supaya manungsa nduweni pikiran sing dhawa sadurunge tumindak. Saliyane iku kacang lanjaran uga nduweni simbol umur kang dhawa. Kacang lanjaran umume ora kanggo hidangan, nanging mung kanggo hiasan kang ngubengi tumpeng.
- 6) Bumbu kulup tegese urip saguh menehi nafkah kulawarga.

Kembang Setaman

Dhawuhe Pak Zaini bisa dijlentrehake ngenani apa wae kembang setaman kang kaperang dadi pitu warna. Kembang kang ana pitu rupa jinise. Ana kembang kanthil, kembang mlathi, kembang kenanga, kembang mawar abang, kembang mawar putih, kembang telon, lan kembang mawar. Pitu kembang iki bakal kajlentrehake siji-siji ing ngisor iki:

- 1) Kembang kanthil maknane rasa tresna kang tansah kumanthil lan ora ana pedhote.
- 2) Kembang mlathi nduweni makna sakabehane tumindak kudu adhedhasar ati.

- 3) Kembang kenanga nduweni makna supaya anak putu kudu ngenang sakabehane pusaka warisane leluhur arupa kabudayan, filsafat, lan tradhisi.
- 4) Kembang mawar abang nduweni makna "dumadine jalma menungsa" kang tegese minangka proses laire manungsa ing alam donya. Saliyane kuwi mawar abang nduweni simbol minangka ibu. Ibu minangka panggonan jiwa raga manungsa diukir. Kayata tradhisi bancakan weton Jawa, kembang mawar uga bisa diganti dening jenang abang.
- 5) Kembang mawar putih nduweni simbol saka Bapa kang dadi roh manungsa. Bapa ing kene yaiku langit, kamangka ibune kuwi Ibu Bumi, gegambaran iki dikarepake nduweni hasil bibit regenerasi kang berkualitas unggul. Saengga nduweni wujud kaselarasan lan kaharmonisan antarane bumi lan langit. Kang dikenal istilah "Gemah Ripah Loh Jinawi, Tata Titi Tentrem Kerta Raharja."
- 6) Kembang telon asale saka tembung telu kanthi pangajab supaya awèh telu kasampunan lan kemulayaan urip (tri tunggal jaya sampurna), "Sugih banda", "sugih ngelmu", dan "sugih kuasa". Bunga telon ini terdiri dari bunga mawar, melathi, kanthil yang dijadikan satu kesatuan.
- 7) Kembang mawar, beda karo kembang mawar abang lan kembang mawar putih, sajrone kembang mawar iki ora kudu abang utawa putih. Kang wigati yaiku jinis kembang mawar. Kembang mawar iki nduweni simbol kekarepan utawa niat. Nalika nglakoni tumindak iki kudu ora ana pamrihe, kudu adhedhasar ketulusan batin lan rasa ikhlas.

Jenang Sengkala

Jenang sengkala iki wujud warna abang lan putih kang dadi salahsawijine kapercayan kejawen ing dhaerah Banyuwangi yaiku anane mitos Minak Jingga lan garwane Sita minangka simbol reproduksi (Beatty sajrone Endraswara, 2003:6). Prakara iki bisa kadudut saka tembung jingga (abang) lan sita (putih). Warna abang lan putih yaiku gambaran sesaji jenang sengkala abang lan putih (bubur sega kang warna abang lan putih). Jenang sengkala uga disembahake lan kanggo ngalangi marabahaya sajrone panguripan ing desa

Kandangan. Mugya diwenehi kaslametan saka hajat ing desa Kandangan, uga aweh ridho Gusti Kang Maha Agung, lan syafa'at saking Rasulullah saka sakabehane ritual utawa upacara mendhem golek.

Jenang abang putih kuwi nduweni rong warna kang beda ya saka bedane warna mau bisa didadekake gambaran sifate manungsa. Sifate manungsa kuwi mau bisa dibedake dadi loro yaiku sifat ala lan sifat becik. Sifat ala digambarake warna bubuk abang, bubuk putih kanggo gambaran sifate manungsa kang becik. Abang putih kuwi minangka gambaran saka getih abang lan putih kang mili ana ing awak manungsa. Bubur abang putih iki gunane kanggo ngormati marang sedulur pancer kakang kawah adhi ari-arine manungsa. Jenang sengkala sajrone tradhisi mendhem golek iki nduweni makna kanggo nolak sakabehe bebaya kang asale saka alam lan bangsa lelembut kang bisa kadadeyan marang para pandherek tradhisi mendhem golek, saengga nalika adicara bisa lancar lan ora ana sengkalan.

Tata Laku Tradhisi LBKTMG

Persiapan ing kene yaiku nyiapake bab apa wae kang digunakake sajrone TMG. Yaiku wiwit rembugan karo juru kunci pesareyan nganti nyiapake piranti lan ubarampe kang kudu ana, senadyan warga ora perlu nyiapake panggonan, nanging warga ya kudu rembugan ngenani tanggal, dina, lan wulan karo juru kunci, supaya bisa nyiapake panggonan.

Ing TMG kang dadi punjere yaiku mendhem golek. Warga desa Kandangan nganakake TMG setaun pisan nalika dina Jemuwah pahing sasi Sura ing desa Kandangan. akeh banget rantaman adicara sadurunge upacara TMG utawa sarampunge adicara TMG. Tata laku sadurunge adicara TMG iki ana persiapan kang dianakake seminggu sadurunge adicara TMG. Tata laku kang kapisan yaiku ngubengi desa tegese yaiku melekan amarga anane hajat kang bakal dianakake ing desa Kandangan. Adicara kataman Qur'an kanggo warga desa Kandangan mligine kang nganut agama Islam. Dina Kamis malem Jemuwah pahing dianakake adicara slametan. Adicara slametan iki dianakake kaping loro ing sadina yaiku slametan ana ing makam Mbah Imam Faqih lan R. Abdul Qohar kalorone minangka pawongan kang wis kasil

nganakake TMG, kaping pindho slametan ana ing pethilasan Mbah Imam Faqih. Pethilasan iki jaman biyen digawe panggonan semedi utawa ketemu dening warga desa Kandangan. Sarampunge iku punjere adicara yaiku mendhem golek kang dipendhem ana ing rong panggonan. panggonan kapisan ana ing prapatan pasar Kandangan, kaping pindho ana ing ngarepe bale desa Kandangan.

Adicara mendhem golek iki dianakake kanthi diarak utawa kirab. Kirab TMG iki diarak kanthi ngubengi desa Kandangan banjur kumpul ana ing bale desa Kandangan. Sakabehane adicara wis dirampungake ana adicara murak tumpeng asil bumi yaiku tumpeng kang diasilake saka panenane warga desa Kandangan, la nana adicara slametan utawa tumpengan kang didhahar bareng-bareng.

Wujud Owah Gingsir sajrone LBKTMG Tradhisi Mendhem Golek Jaman Biyen

Ana ing kawitan tradhisi mendhem golek isih murni nampilake tradhisi mendhem golek kang wiwit tata lakune lan ubarampe kang digunakake isih nggunakake ubarampe tradhisional kang isih njupuk saka desa Kandangan dhewe. Tradhisi iki jaman mbiyen ora ana pengajian, kataman Qur'an. Mulane para pamarentah padha gotong royong supaya tradhisi mendhem golek iki tansah ngrembaka ora kalindhih jaman kang tansaya maju. Adhedhasar wawancara kaliyan Pak Muji Iksan ngandharake kaya mangkene.

"Jaman biyen wujudipun adicara sarampunge mendhem pi golek kencana yaiku jaranan, tayuban, wayangan, saliyane teka kuwi ora ana Mbak, jaman biyen teka pinisepuh mara dhewe-dhewe. Mboten wonten undangan. Banjur wiwit taun 2000 wonten owah-owahan wujudipun pengajian, kataman Qur'an. Upacara-upacara ingkang setengah resmi. Wiwit wontenipun Dinas Pariwisata menika kangge daya tarik wisata. Tradhisi mendhem golek diliput dening dhoho tv, sanajan tv lokal dhaerah Kediri dadi tradhisi iki bisa dikenal dening wong akeh. Wong-wong padha weruh nek iki salah sawijine ikon e kutha Kediri Mbak. Upama tayuban mboten dientenaken terhadap upacara wau mboten masalah. Memang

ada perubahan. Kanthi owah-owahan menika, masyarakat saged nampi. Awit menapa, owah-owahan menika mboten nyeblang kaliyan nilai-nilai keyakinan yaiku nilai-nilai agama. Menika naming kangge wontenipun daya tarik. Menika pejabat dating, undangan luar kota, menika wonten undangan.”

(Pak Modin Iksan, 11 Mei 2018)

Saka andharan kasebut Pak Iksan ngandharake yen wiwitane tradhisi mendhem golek iki wujudipun tayuban, jaranan, lan wayangan. Jaman biyen uga ora ana undangan resmi saka Dinas Kabudayan, nanging para pinisepuh teka dhewe-dhewe ana ing tradhisi kasebut. Tradhisi mendhem golek iki ora ana tayuban lan jaranan ya ora apa-apa. Amarga kabeh manut jamane kang tansaya *modern*. Nanging iki kabeh kanggo narik kawigatene masyarakat Kediri supaya mangerteni tradhisi mendhem golek iki minangka daya tarik dhewe kanggo ndhudhah nilai budaya.

Tradhisi mendhem golek iki uga ana owah-owahan saka ubarampe lan babagan kang magepokan karo tradhisi mendhem golek iki, kang bakal diandharake ing wawancara Pak Iksan kang mangkene iki.

“Ngene Mbak, tentunya disesuaikan dengan perkembangan jaman. Kalau dulu nalika kirab adicara mendhem golek rute utawa dalane uga disesuaikan, biyen rada adoh, yen saiki diwiwiti teka kantor desa mubeng lewat pasar Kandangan lan pungkasane ning kantor desa maneh, kan artine disesuaikan perkembangan jaman terus mung melekane wae wiwit saiki. Terus seperti ubarampe kanggo peti utawa wadhah mendhem golek kasebut biyen digawe saka kayu, nanging saiki golek kayu ya angel, banjur diganti karo triplek. Ubarampe kirab hasil bumi uga bisa ditambahi kayata sayur-sayuran lan buah-buahan, biyen ya mung hasile desa Kandangan kuwi apa, nanging saiki bisa menyesuaikan apa yang ada, uga kembang setaman kuwi teka tandurane warga desa Kandangan dhewe, nanging saiki luwih praktis tuku ning pasar, ngoten Mbak.”

(Pak Modin Iksan, 11 Mei 2018)

Saka andharan ing ndhuwur nuduhake yen tradhisi mendhem golek iki wis ngalami owah gingsir wiwit jaman mbiyen. Yen jaman mbiyen kirab adicara mendhem golek ora mung muteri kantor desa, pasar Kandangan pungkasane kantor desa, nanging rute kirab budayane luwih adoh. Yen jaman mbiyen ubarampe kang digunakake ngadhahi golek kang kasebut peti yaiku nganggo kayu, tumpeng hasil bumi uga wis bisa ditambahi apa wae kang ana ing pasar ora mung hasile warga desa Kandangan, uga kembang setaman wis bisa digolek secara praktis ana ing pasar tradhisional, ora kudu ngenteni nandur ana ing omah-omah. Mulane jaman mbiyen isih nggunakake tradhisi kang kenthel tinimbang saiki kang luwih nengenake sarwa praktis lan cepet.

Tradhisi Mendhem Golekan Jaman Saiki

Tradhisi mendhem golek kang lumaku ing jaman saiki nduweni tampilan kang beda saka tampilan njaba uga tampilan njerone tradhisi. Saka tampilan njaba saiki wiwit ana terop-terop kanggo para jajaran pemda. Nanging jaman mbiyen ora ana babar blas iyup-iyupan amarga adicara dilaksanakake kanthi sakral tegese ora rame-rame. Babagan kang paling dhasari owah-owahan ing tradhisi mendhem golek saiki yaiku tuntutan saka masyarakat. Owah-owahan iki kadadeyan wiwit tradhisi mendhem golek dicawe-cawe Dinas Kabudayan lan Pariwisata Kabupaten Kediri. Para warga Kediri lan Dinas Kabudayan lan Pariwisata Kabupaten Kediri bareng-bareng ngrembakaake tradhisi mendhem golek iki supaya tansah ngrembaka lan dikenal masyarakat njaba.

Minangka kepala desa Kandangan yaiku Pak Fatkhur Roziq wiwit ngrembakake tradhisi mendhem golek lan ngowahi tradhisi mendhem golek saka tata lakune radhisi lan ubarampe kang dibutuhake. Tata lakune kang diowahi yaiku anane pengajian lan kataman Qur'an supaya masyarakat melu andil ana ing adicara mendhem golek. Saliyane iku uga nambahi ubarampe kang dibutuhake kayata tumpeng hasil bumi bisa ditambahi sayur lan buah-buahan manut kahanan apa kang ana. Kaya kang wis diandharake dening Pak Iksan.

"Jaman biyen wujudipun adicara sarampunge mendhem pi golek kencana yaiku jaranan, tayuban, wayangan, saliyane teka kuwi ora ana Mbak, jaman biyen teka pinisepuh mara dhewe-dhewe. Mboten wonten undangan. Banjur wiwit taun 2000 wonten owah-owahan wujudipun pengajian, kataman Qur'an iku yen kanggo umat muslim, uga kanggo umat non muslim ana adicara dhewe Mbak. Upacara-upacara ingkang setengah resmi. Wiwit wontenipun Dinas Pariwisata menika kangge daya tarik wisata. Tradhisi mendhem golek diliput dening dhoho tv, sanajan tv lokal dhaerah Kediri dadi tradhisi iki bisa dikenal dening wong akeh. Wong-wong padha weruh nek iki salah sawijine ikon e kutha Kediri Mbak. Upama tayuban mboten dientenaken terhadap upacara wau mboten masalah. Memang ada perubahan. Kanthi owah-owahan menika, masyarakat saged nampi. Awit menapa, owah-owahan menika mboten nyeblang kaliyan nilai-nilai keyakinan yaiku nilai-nilai agama. Menika naming kangge wontenipun daya tarik. Menika pejabat dating, undangan luar kota, menika wonten undangan."

(Pak Modin Iksan, 11 Mei 2018)

Saka andharan wawancara Pak Iksan nuduhake yen tradhisi iki wi ngalami owah-owahan wiwit jaman mbiyen nganti saiki. Jaman mbiyen isih nggunakake ubarampe asli kang asale saka dhaerah-dhaerah desa Kandangan. Nanging isih tradhisional lan luwih nengenake babagan asline ubarampe kasebut supaya afdol. Yen jaman mbiyen isih akeh wong seneng mlaku, amarga arang motor. Mulane jaman biyen nalika kirab budaya uga isih nganti ngubengi desa Kandangan temenan. Jaman mbiyen uga ora ana undhangan saka Dinas, para pinisepuh padha teka dhewe-dhewe ing adicara kasebut. Nanging, saiki para jajaran pejabat padha teka amarga ana undhangan lan kanggo narik kawigatene masyarakat supaya tradhisi siraman iki dikenal luwih amba. Owah-owahan kang kadadeyan sajrone tradhisi mendhem golek ora uwal saka faktor-faktor kang ndayani. Faktor

kasebut bakal dijlentrehake kanthi jangkep ana ing ngisor iki.

Faktor-faktor kang Nyebabake Owah LBKTMG

Owah-owahan sajrone tradhisi mendhem golek iki didayani dening faktor-faktor kang kaya mangkene:

- (1) Anane unsur-unsur kabudayan kang gampang owah, mligine unsur-unsur teknologi lan ekonomi. Saakehing teknologi kang tansaya maju, ndadekake tradhisi mendhem golek nduweni cara liya kanggo tetep ngrembaka, yaiku nambahi pesta rakyat kayata, kirab budaya kang nglibatake warga desa Kandangan supaya narik kawigaten.
- (2) Anane individu-individu kang gampang nrima unsur-unsur owah-owahan kabudayan. Utamane para kawula mudha. Kawula mudha kang minangka agen perubahan nduweni kalungguhan tumrape tradhisi mendhem golek. Para kawula mudha kang peduli marang tradhisi mendhem golek kanthi cara melu *terlibat* sajrone tradhisi mendhem golek kasebut kayata melu kirab budaya.
- (3) Anane faktor adaptasi marang lingkungan sakiwa tengene kang gampang owah, saengga masyarakat nututi owah-owahane jaman tanpa ninggalake kabudayan kang wis ana. Dadi ing kene tradhisi mendhem golek nututi owah-owahane jaman kanthi cara tartamtu tanpa ninggalake pakeme.

Faktor-faktor kang Ngendheg Owah LBKTMG

Saliyane faktor-faktor kang ndayani owah tradhisi mendhem golek, uga ana faktor-faktor kang ngendheg owah tradhisi mendhem golek yaiku:

- (1) Anane unsur-unsur kabudayan kang angel owah, kayata tata cara sarta pakeme. Adat istiadat sarta pakem iku minangka inti kabudayan kang angel ngalami owah-owahan. Dadi, apa kang wiwit kawitane wis diugemi dening masyarakat, mligine babagan tata lakune lan ubarampe kang wigati ora bisa diowahi, tegese isih manut tradhisi lawas.
- (2) Anane individu-individu kang angel anggona nrima unsur-unsur owah-owahan kasebut. Mligine generasi kang kolot. Generasi kang kolot ana ing kene tegese wong kang wis tuwa lan ora bisa nampa owah-owahan. Warga

masyarakat kang kagolong kolot iku ngukuhi pakeme saben tata laku lan ubarampe kang digunakake nduweni makna-makna lan nilai-nilai kang adiluhung minangka warisan saka leluhur. Saengga tradhisi mendhem golek iki tansah kaja ora kalindhihi jaman.

- (3) Anane unsur difusi yaiku panyebaran unsur kabudayan saka panggonan siji menyang panggonan liyane kang digawa dening manungsa-manungsa kang pindhah (Koentjaraningrat, 1990:244). Saliyane kuwi, unsur kang mlebu sajrone LBKTMG yaiku anane akulturasi. Miturut Koentjaraningrat (sajrone Sukarman, 2006:43) akulturasi yaiku minangka proses akulturasi sosial kang dumadi yen sawijining kelompok masyarakat kanthi kabudayan tartamtu karo unsur-unsur saka kabudayan manca lan saya suwe bisa ditampa, nanging ora ngakoni kapribadene kabudayan iku dhewe.
- (4) Unsur kang nduweni sesambungan karo babagan teknologi. Ora bisa diselaki yen owah-owahane jaman iki bisa nggawa piguna mligine ing unsur teknologi. Babagan ngenani iki masyarakat wis ora perlu kangelan kaya jaman biyen. Tradhisi kasebut saya suwe mesthi ana owah-owahan amarga masyarakat wis padha kreatip, amarga jaman saiki wis maju lan ngrembaka. Kabukti saka pethikan wawancara ing ngisor iki.

“Jaman saiki wis ora padha jaman biyen, amarga jaman saiki akeh masyarakat wis padha ngerteni ngenani teknologi, mula akeh masyarakat kang nggunakake teknologi, rata-rata kabeh saben wong wis padha mangerteni ngenani teknologi.”
(Bapak Sunari, 12 Juni 2018)

Unsur-unsur kang ana sesambungane karo teknologi kuwi gampang banget mlebu sajrone alat kang digunakake sajrone rerencane adicara LBKTMG. Piranti kang digawa yaiku ana gegayutane karo ubarampe kang digawe adicara kasebut. Asil kreatip kang digunakake kayata triplek kanggo wadhah golek, kembang setaman, ubarampe golek. Saliyane piranti kanggo adicara kasebut uga ana ubarampe kayata kembang setaman tuku ana ing pasar.

Masyarakat wis padha kagerus sairing karo lumakune jaman, amarga jaman saiki wis saya modern lan saya ngrembaka. Masyarakat saiki wis padha akeh sing seneng instan ora gelem kangelan nanging isih bisa digawe adicara LBKTMG. Bab kang dianggep tradhisional lan bisa nuwuhake unsur khas saka tradhisi kasebut saiki wis ora pati ana, amarga saiki akeh barang teknologi kang wis mlebu ana ing masyarakat, saengga masyarakat nglebokake barang-barang kang wis modern sajrone rerencane adicara

Panutup Dudutan

Dudutan panliten kanthi irah-irahan Sesambungan Legendha Babad Kandangan karo Tradhisi Mendhem Golekan ing Desa Kandangan Kecamatan Kandangan Kabupaten Kediri kajlentrehake ing ngisor iki.

Sesambungan legendha babad Kandangan karo tradhisi mendhem golek iki raket banget sesambungane. Nalika isih jaman kerajaan Majapahit, kang dipimpin dening Ki Demang Sengkapura. Banjur Ki Demang Sengkapura nduweni niat kanggo babad alas desa Kandangan. Dhanyang ing desa Kandangan kasebut ora trima yen alas ing desa Kandangan di babad. Masyarakat ing desa Kandangan akeh sing kena musibah. Dhanyang kasebut pungkasané menehi bebana yaiku arupa bayi sakembaran lanang lan wadon kang lair ana ing dina Jemuwah Pahing. Nanging Ki Demang Sengkapura ngarupakake bayi sakembaran kasebut mung kayata bayi sakembaran kang sabanjure dipendhem ana rong panggonan. Panggonan kasebut uga wis dadi kesepakatan antarane dhanyang desa Kandangan lan Ki Demang Sengkapura.

Tradhisi mendhem golek dianakake wulan Sura ing desa Kandangan Kecamatan Kandangan Kabupaten Kediri nganti saiki. Saliyane iku tradhisi mendhem golek ditindakake kanggo nyuwun supaya masyarakat urip ayem tentrem adoh saka bebaya uga nyuwun berkah rejeki marang Gusti Kang Maha Agung.

Tradhisi mendhem golek karakit kanthi saperangan tata rakite adicara, yaiku diwiwiti kanthi slametan ing wayah esuk nalika malam jemuwah pahing, esuke ana adicara kirab budaya mendhem golek, sawur puspita, lan tumpengan

hasil bumi. Ubarampe panjangkepe adicara sajrone Tradhisi Mendhem Golekan iki ana tumpeng, jenang sengkala, lan kembang setaman.

Ing babagan makna Tradhisi Mendhem Golekan mujudake sawenehe makna, kayadene 1) tumpeng mujudake kekarepane supaya rejekine kaya gung tegese masyarakat Kandangan bisa nduweni rejeki kang akeh lan linuwih, dadi sarwa kacukupan uripe lan ora kekurangan, 2) jenang sengkala nduweni makna kanggo nolak sakabehe bebaya kang asale saka alam lan bangsa lelembut kang bisa kadadeyan marang pandherek adicara mendhem golek, supaya adicara bisa lancar lan ora ana alangane, lan 3) kembang setaman mujudake lambang nyucekne dhiri, kembang setaman bisa diarani naluri leluhur kang ana wiwit mbiyen nganti saiki..

Fungsi folklor sajrone TMG yaiku: 1) minangka *sitem proyeksi*, yaiku kaca pangilone angen-angen saka kolektif. 2) minangka sarana pangesahe budaya, 3) minangka sarana pendhidhikan, 4) minangka piranti kanggo meksa lan ngawasi paugerane bebrayan, supaya tansah diugemi lan ditindakake dening bebrayan utawa kolektif, 5) minangka alat hiburan, lan 6) minangka fungsi ekonomi.

TMG iki uga ana owah-owahan nanging ora ngilangi makna kang ana sajrone tradhisi mendhem golek kasebut. tradhisi mendhem golek iki wis ngalami owah gingsir wiwit jaman mbiyen. Yen jaman mbiyen kirab adicara mendhem golek ora mung muteri kantor desa, pasar Kandangan pungkasan kantor desa, nanging rute kirab budayane luwih adoh. Yen jaman mbiyen ubarampe kang digunakake ngadhahi golek kang kasebut peti yaiku nganggo kayu, tumpeng hasil bumi uga wis bisa ditambahi apa wae kang ana ing pasar ora mung hasile warga desa Kandangan, uga kembang setaman wis bisa digolek secara praktis ana ing pasar tradhisional, ora kudu ngenteni nandur ana ing omah-omah. Mulane jaman mbiyen isih nggunakake tradhisi kang kenthel tinimbang saiki kang luwih nengenake sarwa praktis lan cepet. Masyarakat lan jajaran pemda uga padha gotong royong supaya tradhisi iki ora kalindhih budaya kang anyar. Saliyane iku padha bebarengan nglesatrekake tradhisi mendhem golek.

Pamrayoga

Sajrone panliten ana sawenehe pamrayoga kang wigati tumrap kahanan Tradhisi Mendhem Golekan kanggo mangsa ngarep. Bab kasebut minangka panjangkepe dudutan kang wis diandharake mau. Pamrayoga iki ngandharake sawenehe cara utawa pamawas kanggo tradhisi kasebut. Mulane, anane pamrayoga kasebut uga migunani tumrap panliten kabudayan iki, yaiku panliten Tradhisi Mendhem Golekan ing desa Kandangan Kecamatan Kandangan Kabupaten Kediri.

Adhedhasar paedah panliten, dikarepake panliten bisa nggayuh sakabehe tujuwan panliten. Banjur panliten Tradhisi Mendhem Golekan ing Kandangan iki kalebu salah sawijine tuladha kanggo nguri-uri kabudayan Jawa. Mulane kudu ana panliten kang saemper kanggo njaga kahanan kabudayan Jawa tansah gesang ing bebrayan. Bab kasebut ana gegayutan karo kahanan kabudayan Jawa kang wiwit kalindhih manca.

KAPUSTAKAN

- Abdullah, Irwan. 2006. *Konstruksi dan Reproduksi Kebudayaan*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Ahmadi, Abu. 1997. *Ilmu Sosial Dasar*. Jakarta: PT Rineka Cipta.
- Arikunto, Suharsimi. 2002. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktek*. Jakarta: PT Rineka Cipta.
- Bakker. 1990. *Filsafat Kebudayaan Sebuah Pengantar*. Yogyakarta: Kanisius (Anggota IKAPI).
- Danandjaja, James. 1984/1986. *Folklor Indonesia*. Jakarta: Grafitipers.
- Danandjaja, James. 2007. *Folklor Indonesia: Ilmu Gosip, Dongeng, dan lain-lain*, Jakarta: Pusat Utama Graffiti.
- Endraswara, Suwardi. 2006. *Penelitian Kebudayaan*. Gamping: Pustaka Widayatama.
- Endraswara, Suwardi. 200. *Metodologi Penelitian Folklor*. Yogyakarta: MedPress (Anggota IKAPI)
- Farkani, M F. 2004. *Kajian Folklor Upacara Adat Cembengan di Pabrik Gula Tasik Madu*. Skripsi. Yogyakarta: UNY.
- Geertz, Clifford. 1984. *Abangan, santri, priyayi dalam masyarakat Jawa*. Jakarta: Pustaka Utama.
- Herusatoto, Budiono. 2005. *Simbolisme dalam Budaya Jawa*. Yogyakarta: Hinindita Graha Widia.

- Hutomo, Suripan Sadi. 1991. *Mutiara yang Terlupakan. Pengantar Studi Sastra Lisan*. Malang: Hiski Jawa Timur.
- Koentjaraningrat. 1987. *Kebudayaan Mentalitas dan Pembangunan*. Jakarta: Gramedia.
- Kuntowijaya. 1987. *Budaya dan Masyarakat*. Yogyakarta: PT. Tiara Wacana.
- Luxemburg. 1992. *Pengantar Ilmu Sastra*. Jakarta: PT Gramedia.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2009. *Teori, Metode dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Belajar.
- Rendra. 1984. *Mempertimbangkan Tradhisi*. Jakarta: Gramedia.
- Sudarmanto. 2013. *Kamus Lengkap Bahasa Jawa*.

